# ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL
**General Certificate of Education Advanced Level**

# LITERATURE IN SHONA 6007/2
PAPER 2: Drama, Prose and Poetry

**SPECIMEN PAPER** 3 hours

Additional materials:
Answer paper

**NGUVA:** Maawa matatu

**RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO**

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **neChiShona**.

Pindura mubvunzo **mumwe chete** muchikamu choga choga.

Cherechedza rayiro dziri pamubvunzo woga woga.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe chete.

**ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO**

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

**Bvunzo ino yakanyorerwa pamapeji mana.**

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, Specimen Paper.

## CHIKAMU A: MITAMBO

**Pindura mubvunzo mumwe chete muchikamu chino.**

**1 Mashayamombe, B.C.:** *Akanhonga Vhunze Nemuromo*

**(a)** Cindy anotaridza maitiro asingatarisirwe pamuroora patsika nemagariro avaShona. Tsigira pfungwa iyi nezvaanoita mumutambo uyu. [30]

**kana**

**(b)** Tsanangura zvakaonekwa nemunyori mumagariro evanhu zvakaita kuti anyore mutambo werudzi urwu. [30]

**2 Mashiri, P.M.:** *Ushe Ndohwangu*

**(a)** Uchishandisa umboo hunobva mumutambo *Ushe Ndohwangu*, Rondorodza matanho akatorwa naNyanguru kuti atore ushe uchijekesa zvipingaidzo zvaakasangana nazvo padanho roga roga. [30]

**kana**

**(b)** Munyori **P.M. Mashiri** anoshandisa chidavado chesetswa/ndyaringo kuburitsa maitiro avanhu. Tsigira pfungwa iyi nezviitiko zvinobuda mumutambo uyu. [30]

**3 Chakamba, R.H.:** *Nziramasanga*

**(a)** Rondorodza matambudziko aisanganikwa nawo nevatema mazuva ehondo yechimurenga anoburitswa mumutambo *Kuwadzana*.

**kana**

**(b)** Vanhu vomumaruwa vanoburitswa saivo vakanyanya kutsigira hondo yechimurenga. Ongorora pfungwa iyi wakatarisa zvinobuda mumitambo iri muna *Nziramasanga*. [30]

## CHIKAMU B: NYAYANYORWA

**Pindura mubvunzo mumwe chete muchikamu chino.**

**4** **Kufonya, R.:** *Pfupajena*

**(a)** "Hondo yevaDuma haikundwi nokuti inorwiwa nomweya nenyama pamwe chete." (peji 178). Tsanangura zviri murungano urwu zvinozadzikisa mazwi aya. [30]

**kana**

**(b)** Donongodza zvinoitwa naZindoga zvinotaridza kuti semutungamiri, akange azvipira kupamba Pfupajena. [30]

**5** **Musengezi, G:** *Zvairwadza Vasara*

**(a)** Donongodza mitoo yakashandiswa nemunyori kuburitsa marwirwo akaitwa hondo yechimurenga.

**kana**

**(b)** Uchishandisa umboo huri mubhuku, jekesa zvose zvairatidza kuti varungu vakanga vasingadi chose kutonga kwevatema kunyange zvakange zvave pachena kuti vakanga vakundwa muhondo. [30]

**6** **Mavesera, M:** *Makaitei*

**(a)** Tsanangura zviitiko zviri kukanganisa kubatana kwemhuri dziriko nhasi sekuburitswa kwazviri kuitwa muna *Makaitei*.

**kana**

**(b)** Dzumbunura zvaunowana maererano neupenyu hunoraramiwa nevanhu mumadhorobha zviri kubuditswa mubhuku *Makaitei*? [30]

## CHIKAMU C: NHETEMBO

Pindura mubvunzo **mumwechete** muchikamu chino.

**Hodza, A.C.:** *Ugo Hwamadzinza AvaShona*

**7** **(a)** **(i)** Ipa ongororo yezvaishungurudza vazhinji muwanano. Tsigira nenhetembo nhatu dzechikamu cheJikinyira nemavingu. [30]

**(ii)** Sokuona kwako, shungurudzo idzi dzaigadziriswa nenzira dzinogutsa here pasichigare. [10]

**kana**

**(b)** Jekesa pfungwa yokuti rume risinganyepi hariroori/hariwani nezvinobuda munhetembo ina dzemadetembedzo okupfimbana. [40]

**8** **Gunduza, M.:** *Hodzeko Yenduri*

**(a)** **(i)** Uchishandisa nhetembo nhanhatu dzavananyanduri vakasiyana, jekesa kunetsekana kwavananyanduri nemararamiro ava kuita vanhu muZimbabwe nhasi. [30]

**(ii)** Tsanangura zvingarerutsa zvinonetsa zvacho zvawapa pa **8(a)(i)** yako. [10]

**kana**

**(b)** **(i)** Ongorora nhetembo ina dzaLiveson Tatira uchijekesa zviri kutsi kwemoyo wake sekuzviburitsa kwaari kuita munhetembo dzawasarudza. [30]

**(ii)** Tsanangura magadzirisirwo angaitwa nhunha dzacho dzaari kuburitsa. [10]